

Enpòtan: Itilizasyon Kat Identifikasyon pou Benefis Komen yo (CBIC) pou Sèvis Medikal yo (Haitian Creole)

Tanpri li enfòmasyon anba an pou yon eksplikasyon nan responsabilite w yo kòm yon patisipan Medicaid lè w ap itilize kat CBIC ou pou sèvis medikal yo.

- Ou **kapab** itilize CBIC ou lè w bezwen sèvis medikal yo nan men nenpòt founisè ki aksepte Medicaid epi si sèvis sa yo kouvri dapre Medicaid. **Ou pral bezwen CBIC ou pou sèten sèvis yo ki kouvri pa Medicaid (tankou famasi) menm si w antre nan yon Plan Swen Kontwole Medicaid. Itilize kat Plan ou lè w bezwen sèvis Plan yo.**
- Kenbe CBIC ou ak kat Plan yo nan yon kote ki an sekirite.
- Itilizasyon CBIC a se pou w sèlman. Se poutèt sa a ke non ou, epi nan sèten ka yo foto w, sou li. Pa gen okenn lòt moun ki kapab itilize li. Si yon lòt moun mande pou prete, achte oswa lwe kat CBIC ou, rele Liy pou Fwòd Medicaid la nan **(212) 274-5030**. Ou pa bezwen bay non ou. Nenpòt ki enfòmasyon ke w founi se konfidansyèl.

Pa:

- Prete CBIC ou oswa kat Medicaid pou timoun ou bay okenn lòt moun.
- Vann CBIC ou. Pa bay yon lòt moun kat ou pou lajan, sèvis yo,
oswa nenpòt lòt bagay.

Si nou jwenn ke w te prete oswa vann CBIC ou, benefis Medicaid ou yo pouvwa redwi epi nou pouvwa refere zafè sa a bay Pwokirè Distri a.

Epitou, nou vle fè w konnen ke lalwa Leta Nouyòk fè li yon krim pou:

- Resevwa dwòg preskri yo ak pwovizyon medikal yo san yon preskripsyon ki pa ekri pa yon doktè medikal oswa yon lòt moun ki otorize pou ekri yon preskripsyon.
- Vann dwòg preskri yo san yon lisans. Se yon famasyen sèlman ki kapab vann dwòg preskri yo.

Si w konnen yon moun ki bezwen Medicaid, di yo pou rele Liy Enfòmasyon HRA a nan **(718) 557-1399** pou adrès la pou yon biwo Medicaid.